

Preparasyon anvan sezon siklòn lan

Chak rezidan ta dwe fè yon plan epi konnen ki sa pou yo fè si yon siklòn oswa tanpèt twopikal menase Konte Lee. Konprann risk potansyèl yo pral ede moun deside si yo ta dwe abrite an plas oswa evakye zòn nan. Pi bon opsyon an se ta dwe rete ak fanmi oswa zanmi oswa nan yon otèl andeyò zòn evakyasyon an. Si l pa posib pou w evakye zòn nan oswa yon moun pa gen yon kote pou l ale, yo ta dwe anvizaje ale nanabri ijans Konte Lee yo

Moun k ap chècheabri nan yonabri ijans nan konte Lee ta dwe pote nenpòt atik ki enpòtan pou ede yo siviv. Atik yo ka gen ladan yo men se pa sa sèlman:

- Ti goute (snak)
- Medikaman
- Rad
- Sak pou dòmi

Yo bay kad pou moun ki asiye nan Abri pou Bezwen Medikal Espesyal yo; sepandan, yo pa bay kad pou moun k ap bay yo swen oswa moun ki nan Abri pou Popilasyon Jeneral yo.

Moun ki bezwen asistans chak jou dwe vin ak pwòp konpayon yo oswa moun k ap ba yo swen, paske yo pap bay youn nanabri a. Si yon moun pa gen yon moun k ap ba l swen, yo ka kontakte Jesyon ijans konte Lee (Lee County Emergency Management) pou diskite sou solisyon altènatif nan **(239) 533-0640**.

Kèk lyen ki itil



Aplikasyon pou Bezwen Medikal Espesyal

shelterapp.leegov.com



Plan Siklòn pou Fanmi

leegov.com/publicsafety/emergencymanagement/plan



Videyo Preparasyon pou Lang Siy Ameriken (ASL)

leegov.com/publicsafety/emergencymanagement/plan



Gid pou tout kalite danje

leegov.com/publicsafety/emergencymanagement/plan/ahg



Konnen Zòn Evakyasyon w

leegov.com/publicsafety/emergencymanagement/knowyourzone



Abri Piblik

leegov.com/publicsafety/emergencymanagement/shelters/publicshelters

www.LeeEOC.com

Pwogramabri pou bezwen medikal espesyal

Direktiv pou Transpò ak Abri



Ou ta dwe mete ajou aplikasyon pou enskripsyon yo yon fwa pa ane lè w rele **(239) 533-0640** pou verifye enfòmasyon yo.



Lee County
Southwest Florida

Apèsi sou pwogram nan

Si abrite sou plas se pa yon opsyon epi yon moun pa gen okenn lòt kote ki an sekirite pou l evakye, yo ka chèche abri nan youn nan abri piblik ijans Konte Lee (Popilasyon Jeneral oswa Bezwen Medikal Espesyal).

Konte Lee pral ouvri abri ki baze sou bezwen antisipe. Yo pral afiche abri ki ouvè yo sou estasyon televizyon ak radyo lokal yo, aplikasyon LeePrepares, sit rezo sosyal Konte a ak sou LeeEOC.com. Yonfwa Konte Lee rantre nan kòn previzyon siklòn 7-jou a, yo pap aksepte aplikasyon yo ankò.

[Sonje byen, yo pa pèmèt pou moun gen zam, alkòl, epi pou fimèn nan okenn abri ijans Konte Lee yo](#)

Abri pou bezwen medikal espesyal

Yon Pwogram Abri pou Bezwen Medikal Espesyal ka ouvri pou moun ki bezwen elektrisite pou ekipman medikal oswa ki gen pwoblèm medikal konplèks ki pa ka jere nan yon Abri pou Popilasyon Jeneral. Enskripsyon alavans obligatwa, anvan w itilize Abri pou Bezwen Medikal Espesyal la.

Yo pral bay oksijèn nan Abri pou Bezwen Medikal Espesyal la; se poutèt sa, yo pa ta dwe pote konsantratè yo. Moun ki depann de oksijèn yo ta dwe planifye pou pote ase oksijèn nan tank pòtab yo pou mennen yo nan abri a, atravè pwosesis enskripsyon an, ak nan retou lakay yo, apre tan yo pase nan abri a. Anplwaye Abri pou Bezwen Medikal Espesyal yo pa ka ranpli tank pòtab yo.

Abri pou popilasyon jeneral la

Konte Lee te deziyen Abri pou Popilasyon Jeneral ki pral aksepte nenpòt moun ki otonòm epi ki pa bezwen asistans pwofesyonèl pou aktivite lavi chak jou yo (ADLs). Abri pou Popilasyon Jeneral yo pa egziye enskripsyon alavans.

[Sonje byen, se pa tout abri ki ouvri pou chak tanpèt.](#)

Abri tip lopital

Gen espas limite nan enstalasyon tip lopital pou moun ki frajil medikalman oswa ki gen pwoblèm ki anpeche yo abrite andeyò yon anviwònman kote yo bay swen medikal. Abri nan enstalasyon sa yo ka fèt nan koulwa, nan sal reyinyon oswa nan lòt gwo zòn rasanbleman.

Abri tip lopital yo pa bay swen medikal oswa yo pa ofri yon kabann lopital. Yon moun **dwe** vini ak yon konpayon oswa moun k ap ba l swen ki pral rete avèk li nan etablisman an. Yo pa otorize bèt domestik yo nan abri tip lopital yo; Se poutèt sa, yo dwe fè lòt aranjman pou bèt domestik moun sa yo.



Abri ki aksepte bèt

Apa de abri tip lopital, tout abri ijans Konte Lee yo aksepte bèt domestik. Se moun k ap chèche abri yo k ap responsab pou bèt yo ak byen yo.

Si yo mennen yon bèt domestik nan yon abri, yo atann pou moun nan bay yon transpòtè oswa kaj, manje, kòd pou mare l, pwodui netwayaj, medikaman pou bèt domestik, ak nenpòt lòt atik bèt domestik la ka bezwen pou tout tan moun nan ap pase nan abri a.

[Yo otorize bèt sèvis yo nan tout etablisman abri yo.](#)

Transpò

Yo ankouraje moun k ap chèche asistans pou transpò nan yon abri pou l ranpli yon aplikasyon pou Abri pou Bezwen Medikal Espesyal. LeeTran se pral ajans prensipal transpò pou tout efò pou ale nan abri yo. Machin LeeTran yo pral resevwa bèt domestik, depi yo nan yon kaj oswa yon transpòtè, oswa yo gen lès.

Si yon moun pa kapab enskri davans epi li toujou bezwen asistans, li ka ale nan nenpòt arè otobis LeeTran oswa estasyon transfè LeeTran pou yon woulib gratis pou ale nan abri ki pi pre a ki disponib. Telechaje aplikasyon "Transit" la www.leegov.com/leetran/go-leetran pou pou w konnen wout ak orè egzat otobis yo.